



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ POU 22 MILYON DOLA POU TRANSFÒME AYEWOPÒ REJYONAL TOMPKINS ITHACA A

*Relokalizasyon Etablisman Mentnans DOT an Pral Libere Jiska 3 Ekta Tèren
Pwopriyete Rivaj Prensipal nan Lak Cayuga pou Atire Devlopman Ekonomik
nan Vil Ithaca*

*Investisman yo Konplemante “Southern Tier Soaring” – ki se Estrateji Global
Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an*

Ou Kapab Wè Kontrandi Pwojè an yo [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon pwojè pou 22 milyon dola pou transfòme Ayewopò Rejyonale Tompkins Ithaca a (Ithaca Tompkins Regional Airport, ITH) kòm yon pati nan Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition). Kòm yon pwojè ki separe, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York lan pral relokalize etablisman mentnans li an soti nan lokalite aktyèl li an nan Cayuga Inlet pou ale nan Ayewopò a, sa ki ap libere 3 ekta tèren pwopriyete rivaj prensipal pou devlopman nan Ithaca, sa ki ap abouti an nouvo investisman prive nan vil lan pou jenere opòtinite pou biznis ak touris yo pou estimile aktivite ekonomik.

“Relokalizasyon tèren an pral bay opòtinite devlopman rivaj prensipal yo nan kominote Ithaca a pou atire pwojè inovatif yo, revitalize ekonomi an epi jenere kwasans pou jenerasyon ki gen pou vini yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ayewopò yo se antre prensipal nan rejyon nou yo, epi pwojè sa pral transfòme Ayewopò Tompkins Ithaca pou vin tounen yon etablisman modèn pou atire touris ak devlopman touristik epi ede kenbe Southern Tier Soaring.”

Pwojè pou 22 milyon dola pou revitalize epi elaji Ayewopò Rejyonale Tompkins Ithaca a li sipòte pa 14.2 milyon dola nan finansman eta a kòm yon pati nan Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò. Renovasyon an pral non sèlman amelyore vyabilite ekonomik alontèm, men tou li pral amelyore tou eksperyans pasaje yo, ogmante sekirite epi bay sèvis pi byen a vwayajè entènasyonal yo.

Ayewopò a ap sèvi twa liy ayeryèn majè ki gen plis pase 650 koneksyon global. An 2016, anplisman yo te jiska 15 pousan epi yo prevwa ke y'ap kontinye ogmante nan fiti. Pou ka akomode kwasans sa, pwojè sa pral elaji tèminal lan, ki ansanm ak nouvo etablisman dwanye an, pral elaji ayewopò a de prèske 50 pousan. Tèminal ki elaji an pral bay plis plas, sis nouvo pòtay, twa pon adisyonèl pou pasaje yo, ki ap pote kantite pon pou pasaje total yo nan ayewopò a pou rive kat, ak nouvel opòtinite lavant an detay yo. Yon nouvo etablisman dwanye pral pèmèt avyon entènasyonal yo vole dirèkteman nan ayewopò a, ki wè plis pase 22,000 vwayajè entènasyonal chak ane. Aktyèlman, vwayajè yo gen pou yo rete nan lòt ayewopò anvan yo rive nan Ithaca nan objektif pou ka peye dwàn Etazini yo, sepandan, yon fwa ke pwojè a fin konplete, li pral ede ranfòse kapasite rejyon an pou devlope globalman apati eliminasyon baryè vwayaj adisyonèl sa. An jeneral, ranfòsman teknoloji modèn ak efikasite enèjetik ke yo te bay atravè pwojè sa pral bay sèvis pi byen a vwayajè tan aktyèl yo.

Modènizasyon nan etablisman yo pral gen ladan yo:

- Ranfòsman sekirite majè yo, gen ladan modènizasyon kontwòl valiz TSA pou yo konfòm ak egzijans sekirite apre 11/9 yo epi ajoute yon lòt liy pou kontwòl sekirite pou pasaje yo pou redwi tan atant yo.
- Rekonfigirasyon pwen kontwòl sekirite ak relokalizasyon espas biwo TSA a kòm yon pati nan ekspansyon 7,500 pye kare sal rasanbleman pasaje a.
- Rekonfigirasyon espas biwo liy ayeryèn yo ak ekspansyon espas kontwòl valiz yo kòm yon pati nan ajou 2,500 pye kare sou bò lès lan.
- Amelyorasyon nan anrejistremman ak sekirite pou valiz yo pou ka òganize pwosesis lan epi amelyore efikasite.
- Twa nouvo pon anbakeman pou pasaje yo pou akomode avyon djèt ak sèvis adisyonèl.
- Ajou de yon espas ki mezire 1,700 pye kare nan antre prensipal lan ak yon gichè tikè ki elaji pou amelyore sikilasyon pasaje epi bay plis espas pou liy tikè yo.
- Konstwiksyon yon nouvo Etablisman Dwanye Federal ki mezire 5,000 pye kare.
- Modènizasyon pou teknoloji yo pou gen ladan yo WiFi a wot vitès, konektivite Bluetooth ak priz ak pò rechaj adisyonèl yo.
- Ranfòsman sèvis manje yo, tankou elaji yon kafe anvan sekirite epi ajoute 4,000 pye kare espas pou konsesyon manje apre sekirite yo.
- Enstalasyon yon liy bis ki separe ak yon espas atant ki rezistan pou van pou bis, taksi ak bis pou ale nan otèl yo.
- Enstalasyon nouvo sistèm plonbri, HVAC, pwoteksyon kont dife, sistèm mekanik ak elektrik yo.
- Enstalasyon yon nouvo sistèm ponp chofaj sous dlo jwotèmik pou redwi itilizasyon gaz natirèl pou tèminal lan.

Yo prevwa tout travay yo ap fin konplete an 2019.

Devlopman Pak Lojistik ITH ak Relokalizasyon Tèren

Kòm yon pati nan redevlopman Ayewopò a, Konte a pral devlope yon Pak Lojistik Ayewopò ki mezire 21 ekta sou pwopriyete Ayewopò Rejyonal Tompkins Ithaca a ki pral gen ladan yon nouvo etablisman mentnans Depatman Transpò Eta a. Deplasman

etablisman DOT a soti nan vil Ithaca pou ale nan Ayewopò a pral ranfòse operasyon DOT yo epi ouvri jiska 3 ekta tèren pwopriyete rivaj prensipal pou devlopman.

Lokalize jis nan sid Lak Cayuga ak Mache Fèmeye Ithaca popilè a, pati rivaj lan kotwaye tou Santye Rivaj Cayuga a. Lide pou devlope zòn nan gen ladan yo lojman miltifonksyon, yon otèl, espas piblik ak santye pou moun kouri ki elaji, restoran ak glisad bato yo, ak galri komèsyal yo.

Etablisman transpò aktyèl lan, ke yo te konstwi an 1956, ap pran laj epi li inadekwat pou operasyon aktyèl yo. Pwojè a enplike konstwiksyon yon nouvo garaj pou mentnans ki gen pano solè ke yo mete sou tèt kay yo ki pral reponn a estanda LEED yo. Pak Lojistik Ayewopò a pral gen ladan tou espas pou biwo Transpò Zòn Konsolide nan Tompkins yo ak lòt lokatè nan fiti yo.

Komisè Pa Enterim DOT a Paul A. Karas te deklare, “Investisman Gouvènè Cuomo nan Ayewopò Rejyonal Tompkins Ithaca a pral elaji atent zòn biznis ak inivèsite yo sou yon nivo global, epi bay plis bourad a devlopman ekonomik. Ekspansyon ak modènizasyon an pral pèmèt tou pou gen yon eksperyans pasaje efikas ki pi sekirize, ki pi efikas”.

Senatè Tom O’Mara te deklare, “Endistri avyasyon rejyonal lan gen yon enpak ekonomik ki enòmeman pozitif atravè ekonomi lokal lan. Ayewopò rejyonal nou yo ap kreye travay, fè nou vin pi konpetitif, epi bay kwasans ekonomik ak lòt opòtinite ki enpòtan anpil nan kominote yo atravè rejyon Southern Tier ak Finger Lakes yo. Investisman entelijan sa yo nan enfrastrikti avyasyon yo pral mennen a avantaj akoutèm ak alontèm yo, ki enkli nan Konte Tompkins kote transfòmasyon Ayewopò Rejyonal Tompkins Ithaca a ak relokalizasyon Depatman Transpò Eta a pral grandman benefisye a konte a ak vil lan nan divès fason”.

Senatè James L. Seward te deklare, “Ayewopò Rejyonal Tompkins Ithaca a se yon konpozan kle nan ekonomi lokal nou an. Investisman resan yo te ede bay bourad a itilizasyon ayewopò a, epi sipò eta pèmanan yo pral mennen kwasans adisyonèl. Lè moun yo debake nan ITH nou vle pou yo konnen ke yo te rive nan yon kote ki espesyal. Finansman sa pral ede pwovoke enpresyon sa epi voye mesaj pou di ke syèl lan se limit lan nan konte Tompkins ak Cortland yo ak rejyon ki alantou yo”.

Senatè Pam Helming te deklare, “Investisman enpòtan sa pral atire kreyasyon travay ak devlopman ekonomik nan rejyon Finger Lakes lan. Lak nou yo, bèl anviwònman, vinòb, ak brasri atizanal yo ap atire vizitè ki soti toupatou nan peyi Etazini. Investisman Eta sa pral asire ke touris yo pral gen aksè a tout sa ke rejyon nou an gen pou ofri. Rejyon Ithaca ak Konte Tompkins lan se yon sant biznis ak ekonomik ki ap devlope nan Rejyon Nò New York, ak kwasans travay pozitif ki depase 8 pousan sou 5 ane ki sot pase yo. Egalman enpòtan, inivèsite ak biznis lokal nou yo depann sou ayewopò a. Pwoteksyon Lak Cayuga se yon priyorite prensipal epi depasman etablisman DOT a pou ale nan ayewopò a sa pral ede akonpli objektif sa. Mwen apresye efò ke Gouvènè Cuomo ansanm ak kòlèg lejislatif mwen yo ap fè pou fè pwojè sa vin yon priyorite”.

Prezidan Komite Sena a sou Transpò, Joseph E. Robach, di konsa, “Antan ke Prezidan Komite Transpò Sena a, mwen kwè ke li enpòtan anpil pou nou investi nan

amelyorasyon pou sekirite yo ak modènizasyon operasyon pou ayewopò yo atravè Eta New York. Finansman sa yo ke yo te anonse jodi a yo pral amelyore konpetitivite ekonomik ayewopò eta yo epi pèmèt abitan New York yo, ak vizitè nan gwo eta nou an, gen kapasite pou itilize ayewopò yo ki sekirize epi ki fonksyone yon fason efikas. Kontinye amelyore ayewopò eta nou yo se yon etap nan asire yon enfrastrikti transpò 21èm syèk pou New York”.

Ko-Prezidan Komite Elektoral Avyasyon Lejislatif lan Senatè Phil Boyle te deklare, “Obèn ekonomik ki jenere apati modèl aksè finansman sa kapab chanje dramatikman anplè finansye yon kominote. Asiste ayewopò rejyonal yo ak resous finansman pou amelyore sekirite epi modènize sa se yon etap ki enpòtan anpil nan kreyasyon travay, ekspansyon biznis, ak yon bourad touristik potansyèl nan rejyon yo atravè eta a. Mwen aplodi Gouvènè an ansanm ak DOT Eta a poutèt pwogram sibvansyon enpòtan sa epi ankouraje tout ayewopò yo atravè eta a pou aplike pou fon lansman krisyal sa yo”.

Manm Asanble Barbara Lifton te di, “Sa se gwo nouvèl pou kominote nou an. Pa gen dout ke investisman vital sa nan ayewopò nou an pral elaji opòtinite ekonomik ak touristik yo nan rejyon nou an. An plis, relokalizasyon etablisman NYSDOT ke yo t’ap tann depi lontan soti nan Lak Cayuga pou ale nan ayewopò a sa pral gen enpak pozitif pou rivaj Ithaca. Mwen te fyè pou mwen sipòte finansman sa nan Albany, epi mwen vle remèsye tout moun ki nan gouvènman vil ak konte yo ki te travay di anpil pou fè pwojè revolisyonè sa yo vin yon reyalyte. Mwen vle tou remèsye Gouvènè a pou fokis djanm pèmanan li sou ekonomi Rejyon Nò a, koute vwa pati ki konsène sou plan lokal yo sou avni ki pi efikas pou investisman eta yo”.

Prezidan Komite Asanble Transpò a, David F. Gantt, di konsa, “Antan ke Prezidan Komite Transpò Asanble a mwen te kontan anpil pou wè ke ayewopò eta nou yo kalifye pou finansman pou ede fè yo vin pi sekirize, pi konpetitif, epi pi efikas an jeneral pou vwayajè yo, pou kominote yo kote yo lokalize yo ak pou ekonomi Eta nou an. Pwojè revitalizasyon an nan Ayewopò Rejyonal Tompkins Ithaca a se egzanp pafè de jan investisman entelijan yo ka transfòme ayewopò Rejyon Nò nou yo”.

Ko-Prezidan Kokis Avyasyon Lejislatif, Manm Asanble Donna Lupardo, te deklare, “Inisyativ Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a ap rekonèt ke ayewopò New York yo se faktè ekonomik ki enpòtan nan kominote yo. Nan objektif pou kapab rete konpetitif, yo bezwen modènizasyon regilye pou amelyore sekirite epi modènize operasyon yo. Anons sa pou Ayewopò Rejyonal Tompkins Ithaca a pral wè avantaj adisyonèl pou kominote Ithaca a nan libere tèren imobilye rivaj prensipal ki pral atire plis devlopman. Antan ke Ko-Prezidan Komite Elektoral Aviyasyon Lejislatif lan, mwen ta renmen remèsye Gouvènè a pou angajman li pran anvè ayewopò eta yo, epi mwen espere ajoute sou angajman sa a”.

Svante Myrick, ki se Majistra Ithaca, te deklare, “Pwojè sa pral kreye yon opòtinite yon fwa nan yon jenerasyon pou mete moun Ithaca yo sou rivaj lan. Ansanm ak modènizasyon ayewopò a - ki pral fè li pi fasil pou moun Ithaca yo ka konekte a yon mond ki pi laj - anons sa pral fè Ithaca vin yon kote miyò pou moun viv”.

Prezidan Lejislati Konte Tompkins lan, Martha Robertson, te deklare, “Jodi a nou ap selebre sa ke nou ka akonpli lè gouvènman lokal ak eta yo travay ansanm, lè sektè piblik ak prive yo travay ansanm, epi lè vizyonè ak moun ki ap rezoud pwoblèm yo travay ansanm. Gras a sipò Gouvènè an, nou pral ap kreye yon distrik rivaj dinamik miltifonksyon, kreye espas pou yon etablisman DOT 21èm syèk, epi elaji Ayewopò Rejyonal Tompkins Ithaca a pou kapab bay nou ayewopò inovatif klas mondyal ke nou bezwen”.

Akselere “Southern Tier Soaring”

Anons jodi a vin konpleman pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 4.6 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsònèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)